# ТЕКСТ ЛИНГВОПОЭТИКАСЫНЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЎИ

**Косымбетова Айгул Есбосыновна**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети таяныш докторанты*
*ORCID iD: 0009-0006-6132-9194*
*E-mail: aygul_qosimbetova@karsu.uz*

Бугинги күнде дунья тил билиминде тексттиң поэтикалық өзгешеликлери тил билиминиң текст лингвистикасы, лингвопоэтика, психолингвистика, социолингвистика тараўларында изертленди.

Текст лингвопоэтикасы ҳаққында түсиник ҳәм теориялар Г.Винокур, И.Гальперин, И.Ковтунова, В. Кухаренко, Ю. Лотман, Р.Якобсон, С.Шантаровичтың мийнетлеринде бар. Түркий тил билиминде И.Мирзаев, Г.Якупованың илимий мийнетлеринде берилди.

Поэтикалық баянлаўдың интонациялық дүзилиси қосық пайда болыўы ўақтында-ақ, авторға белгили болады.

Көркем тексттиң өзгеше ырғақлық – интонациялық структурасы туўрыдан-туўры оның синтаксислик структурасына сәўлелендирилип, синтаксислик бирликлер менен категориялардың семантикалық ҳәм функционаллық сыпатына тәсирин тийгизеди. Көркем тексттеги гәп, оның дүзилиси, гәп ағзаларының орын тәртиби, гәплердиң өз ара байланысы сыяқлы әдеттеги синтаксислик категориялар да тексттиң ырғақлық–интонациялық қурылысына бейимлесип, семантикалық қурылысының өзгешелигине ғәрезли болады. Көркем текстте гәп салыстырмалы түрде ғана өз алдына бирлик болып табылады. Гәпке байланыслы барлық мәселелер контекстлик ҳәм текстлик бирлик арқалы анықланды.

Илимпаз Л.В.Карасёв: «автордың екинши реаллықты жаратыўға деген жеке мүтәжлиги болады. Бул мүтәжликти аңлатыў тил бирликлери арқалы әмелге асырылады »- деп айтып өткен пикири басшылыққа алынды.

Көркем текст басқа көркем дөретпелерден ҳәр тәреплеме парықланады: тиллик көз қарастан қарағанда, тийкарғы парық көркем әдебиятқа байланыслы текстлерде зәрүрли орын тутатуғын тил бирликлериниң қолланыў өзгешелиги болып табылады.

Илимпаз М.Йулдашев «Көркем текст ҳәм оның лингвопоэтикалық анализ тийкарлары» мийнетинде текст субьекти атамасы ҳаққында келтиреди. Бирақ теориялық сыпатлама берилмеди. Ал, бул мәселе Д.Ниязованың, М.Рахматовтың илимий мийнетинде текст, көркем текст пенен салыстырылып келтирилди.

Рус филологи Н. В. Иосилевич көркем шығармада автор өз субъектине байланыслы субъектлик қатнаста келсе тил субъекти, егер текст мен – алмасығы арқалы баянланса бул сөйлеў субъекти деп ажыратып көрсетти.

Ал, биз поэтикалық текст қурамында келген поэтикалық тексттиң, баянлаўдың субъекти еки түрде келеди

1.баянлаўдың субъекти- автор.

2.баянлаўдың субъекти- поэтикалық тексттиң ишинде жасырынып берилген мазмунға, көркемлиликке тийисли болған екинши бир шахс. Әдебиятта бул лирикалық ҳақарман деп берилди.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ, қарақалпақ тил билиминде де текст лингвопоэтикасы мәселе еле арнаўлы түрде изертленбеди. Бизиң мақаламыз текст поэтикасына байланыслы жаңа илимий жумыслар ушын әмелий жәрдем болады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Абдиназимов Ш. Лингвопоэтика (оқыў қолланба) –Тошкент:Ёшлар нашриёти.2020.-152б.
2. Kosımbetova , A. Y. (2024). TEXT AND SPEECH FEATURES OF SAGINBAY IBRAGIMOV'S WORKS. Educational Research in Universal Sciences, 3(4 SPECIAL), 216–220.
3. Kosimbetova A.Y. Poetic Service of syntactic constructions in the works of Saginbay Ibragimov. Periodica Journal of Modern Philosophy, Social Sciences and Humanities.2023.p.142-145.
4. Лотман Ю.М. Структура художественного текста. – М.: Искусство, 1970;
5. Мирзаев И.К. Проблемы лингвопоэтической интерпретации стихотворного текста:Автореф.дисс.канд.филол.наук. –Ташкент, 1992;
6. Ниязова Д. Бадиий матнда лисоний шахс типлари: Филол.фан. бўйича фалс.докт.(PhD) . дисс.Қарши,2020. – Б. 27.